

Chimiro cha

Jesu

Vamwe veChikristu vanoti “Jesu ndiye Mwari” kana kuti mumwe wevatatu – zvichireva kuti kudzika kwaMwari panyika uye aine chimiro chemunhu. Naizvozvo, maererano nebhaibheri, Jesu akazvarwa, akadya, akarara, akanamata uye akange aine ruzivo rwakaganhurwa – zvese izvi hazvienderane naMwari.

Mwari vane chimiro chakarurama zvichisiyana nemunhu. Saka zvingaite sei kuti chinhu chimwechete chinzi zvinhu zviriri zvakasiyana chaizvo panguva imwechete? Izvi hazvina musoro zvachose.

Naizvozvo, vamwe vanokwanisa kubvunza kuti: **“kana Mwari vachikwanisa kuita zvese zvese, chingamukonese chiiko kuti ave munhu?”** Maererano netsanangudzo, Mwari havaite mabasa asiri ehumwari, nokudaro kana Mwari akava munhu uye akava nechimiro chemunhu, zvinoreva kuti anga asisiri Mwari.

Tichiwedzera izvozvo, bhaibheri rine ndima dzakawanda apo Jesu aitura uye aiita sokunge Mwari mumwewo kwete iye. Semufananidzo, Jesu **“akawira pasi nechiso chake akanamata”** (Mateo 26:39) Dai Jesu aive Mwari, saka zvingaite here kuti titi Mwari akawira pasi nechiso chake achinamata? Uye, anenge achimbonamata kuna aniko?

Vamwewo veChikristu vanoti: “Jesu mwana waMwari” Tinofanira kumbozvibvunza tega kuti, izvi zvinomborevei? Chokwadi Mwari varikure zvikuru kuti vanzi vane mwanakomana. Asi kuti tinoona shoko rekuti “Mwana waMwari” rakashandiswa mutestamende yekare semucherechedzo we”Munhu Mutsvene”. Rakashandiswa mutestamende yekare kuvanhu vatsvene vakafanana naDavhida, Soromoni uye nalsrari – tisingasiye Jesu, **“...Israiri ndiye mwana wangu wedangwe...”** (Exodo 4:22) mumwewemufananidzo.

Rutendo rwelIslam pana Jesu runotsanangura kuti Jesu ndiani chaizvo, ukuwo Islam ichichengetedza kutenda kwakarurama muna Mwari, hukuru hwake, humwechete hwake uye kururama kwake. Jesu akange ari Muporofita anoremekedzeka akatumwa naMwari kunoparidzira vanhu kuti vashumire Mwari chete.

“Hazvifanire kuti Allah vaite mwana; Akarurama uye haana chipomerwa!”

Uchida kuedza kunzwisisa dzidziso nezvaMwari muIslam, zvakakosha kuti titaurirane nezvechinzwimbo cha Jesu, kunyange kwakapararira pfungwa dzinodzimaizwa uye nezvimwe zvinotaurwa nezvechimiro chake

Saka... sei ndiri pano?

Munhu wese anobvuma kuti nhengo dzemuwiri yedu dzakaita semaziso, nzeve, pfungwa uye nemwoyo, dzine chinangwa. Saka hazvina musoro here, kana tikativo iye munhu pachake zvakare ane chinangwa?

Mwari, ane Hungwaru, haana kutisika kuti tingova tinotenderera nyenika zvisina maturo kana kuti tive tinozadzisa zvisiwo nezvido zvedu chete. Asi, tine chinangwa chepamusorosoro – kugamuchira uye nekushumira Mwari vari voga, kuitira kuti tigorarama tichitevera gwara reMusiki wedu. Gwara iri rinoita kuti tikwanise kurarama hupenyu hune pundutso uye hwaka komborerwa. Izvi zvinosanganisira mabasa emunhu ehutsvene akafanana nekunamata, uyewo nemabasa anobatsira chita chedu sekuva munhu akanaka kumuvakidzani wako, kutsvaka chehuviri mumhuri, kuvimbika uye nekunatsa kumhuka.

Mwari vanotirambidza kuti tishumire chimwe chinhu (semufananidzo chiumbwa, zuva, mwedzi, vatsvene, vaparidzi kunyange Vaporofita). Haadi mubatsiri kana kumunamata zvichiburikidza nechimwe chinhu. Munhu wese anofanira kushumira Mwari chete nguva dzose.

Mwari vanotsanangudza hupenyu kuti muyedzo, uye vanhu vanoyedzwa nenzira dzakasiyana-siyana. Hatikwanise kutyaira zvinhu zvinoitika patiri, asi tinokwanisa kutyaira gamuchiro yedu. Kutsungirira panguva yedambudziko, uye kutenda panguva yatino komborerwa dzimwe dzenzira dzinotitsvitsa pedyo naMwari uye tozowana mubairo wehupenyu husingapere weku Paradhiso. Tinoyambirwa zvakare nezvemurango wakaomarara zvikuru mugehena tikasarudza kusatenda uye kushaira han'a mirairo yaMwari.

Saka... ndingaite sei ikozvino?

Muyedzo wepakutenda kwemunhu uri pakushandisa pfungwa yake mukufungisisa uye nekugamuchira micherechedzo yaMwari uye nekurarama achitevera gwara rake. Izvi zvinokwanisa kuitika chete kuburikidza nekugamuchira mitemo yaMwari, izvo zvinoreva pachirudzi chechi Arabhu kuti kuva mu”Muslim”.

Mwari, anova ari Musiki woga – 'Allah' pachi Arabhu – akaita kuti Islam ive yemunhu wose, pasina kutarisa nhoroondo yemunhu, ndaramo yake yekare kana yaikozvino. Naizvozvo munhu wose anokwanisa kuva muMuslim kana achinge atenda uye nekutaura mashoko ehuchapupu arikutevera:

“Ndinopa huchapupu kuti hakunazve mumwe mwari anofanira kunamatwa pachokwadi kunze kwaMwari mumwechete 'Allah' uye ndinopa huchapupu kuti Muhammad akange ari Mutumwa waMwari”.

Haizi nguva yako here yekuzadzisa chinangwa chehupenyu hwako, gamuchira chokwadi ichi uye gamuchira Musiki wako?

For more Islamic materials

Live chat and more: www.islamtomorrow.com/
Many Islamic videos online: www.thedeenshow.com
Free Islamic online books: www.islamic-invitation.com/
Free of charge Islamic books: www.islamic-message.net/cims/default.aspx
AHLAN : www.ahlan-group.com
www.facebook.com/Ahlan.Explore

www.islamic-invitation.com

KO CHINANGWA CHEHUPENYU NDECHIPI?

Ko, ndakambobva kupi?

Ko, sei ndiri pano?

Ko, ndiri kuenda kupi?



Conveying Islamic Message Society
P.O. Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail: info_en@islamic-message.net
E-mail: cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net
Not for sale

الفرش
من الحياه
بلاغه الشونا

Supreme Muslim Council of Zimbabwe
Std No. 19280 Unit N, Seke, Chitungwiza,
Zimbabwe | P: 00263772686584

Direct Aid – Africa Muslim Agency
40 Greendale Avenue, Greendale, Harare,
Zimbabwe | P: 002634498345

www.islamic-invitation.com

Dzidza zvidzidzo
Zvemavambo

KO CHINANGWA CHEHUPENYU NDECHIPI?

Mumwe wemibvunzo inotanga kuuya mupfungwa kana tichitarisa nezve chinangwa chehupenyu ndewekuti, “Ko takambobva kupi?” Ko, takangoerekana tavapo here kana kuti pane ane hungwaru, Musiki? Pane zvikonzero zvakawanda zvikuru zvine musoro uye zvakarurama pakutenda kuna Musiki. Zvikonzero zvitatu zvatsanangudzwa pazasi muchidimbu.

1. Kutanga kwe

nyika

Humboo hwekutanga hunoratidza kuvapo kweMusiki hunotaura nezve kunzwisisa kwemavambo enyika.

Chimbofunga apo unenge uchifamba mugwenga obva waona chiringazuva. Tinoziva kuti chiringazuva chinosisirira girazi, purastiki uye nemhangura. Girazi rakabva muvhu, purastiki yakabva mu oiri, uye mhangura yakacherwa pasi – zvese izvi zvinowanikwa mugwenga. Ungatenda here kuti chiringazuva ichi chakazvigadzira choga? Kuti zuva rakapa chiedza, mhengo ikavhuvhuta, mheniwo ikarova, oiri ikafashaira kubva pasi ndokusangana nevhu uye nemhangura, uye kwapera mamirioni emakore chiringazuva ichi chakabva chazvigadzira choga, kana kuti zvakangorekana zvaitika?

Hushasha hwemunhu uye pfungwa dzakajeka dzinotitaurira kuti chinhu chese chine mavambo acho hachingangoerekana chavapo, kana kuzvigadzira choga. Naizvozvo, tsananguro yakarurama zvikuru ndeyekuti pane ari kumusoro akasika nyika.

Ari kumusoro uyu anofanira kuva

“Vamwe vanobvunza kuti: 'ndiani akasika Mwari?’ Mwari, Musiki, akasiyana zvikuru nezvisikwa zvake. Mwari vane hupenyu husingaperi, vagara varipo uye havana mavambo.”

Samasimba ane hungwaru sezvo ndiye akasika nyika yose uye akasika mitemo yezvinhu iyo inogavhuna. Uye tinonzwisisa kubva pana lye ari kumusoro kuti haataurwe nezve nguva yake kana nzvimbo nokuda kwekuti nguva, nzvimbo uye nezvinhu zvose zvakatanga pakusikwa kwenyika. Zvese izvi zvinoumba mavambo edzidziso

nezvaMwari, Musiki wenyika yose. Izvi zvinonyatso wirirana neruzivo rwe sainzi yaikozvina iyo inopedzisa yavakuti nyika yakagavhunwa uye ine mavambo ayo.

2. kunatsurudzwa kwe

nyika

Humboo wechipiri hunotsigira kuvapo kweMusiki ane hungwaru, Mwari, kunyatsoshongedzwa uye nekunatsurudzwa kwenyika.

Zvizhinji zviri munyika zvinoratidza zviri pachena kuti nyika yakanyatsogadzirwa nemazvo ichibatsira hupenyu, semufambo

uripo pakati penyika yepasi nekuve zuva, kukora kwechikasha chenyika, mamhanyiro anoita nyika pakutenderera kwayo, huhwandu hwe oxygen muchadenga, kunyange kupendama kwayo nyika. Dai mipimo iyi yakasiyana zvisomanana kubva pane zvairi nhasi uno, dai pasina ndaramo.

“Chokwadi, mukusikwa kwematenga nyenika, nekuchinjana kwehusiku nemasikati kune zviratidzo kune avo vanonzwisisa...” Korani 3:190Nenzira imwecheteyo yekuti chiringazuva chinofanira kunge chiine mugadziri wacho ane hungwaru kuti chive chinochengetedza nguva nemazvo, zvimwechetezvowo nyenika inofanira kuva nemugadziri wayo ane hungwaru ichikwanisa kuchengetedza nguva dzekutenderera kwayo ichitenderera zuva. Saka izvozvo zvingaitike zvoga here?

“Chokwadi, mukusikwa kwematenga nyenika, nekuchinjana kwehusiku nemasikati kune zviratidzo kune avo vanonzwisisa...” Korani 3:190

Kana tichiona kunhadzirwa, kururama, mitemo uye mafambiro ezvinhu kwatiri uye panyika yose, hazvingave nemusoro here kana zvikanzi pane anozvirongedza? Murongedzi uyu anonyatso tsanangudzwa nekuvapo kwaMwari – uyo akanhadzirisa zvinhu.

3. magwaro kubva kuna

Mwari

Humboo wechitatu hunotsigira kuvapo kweMusiki, Mwari, magwaro ake chaiwo aakatumira kuvanhu semucherechedzo wekuvapo kwake. Kune zviratidzo zviri pachena kuti gwaro relslam, Korani, ishoko raMwari.

Pazasi patsanangudzwa muchidimbu zvikonzero zvinotsigira nyaya iyi. Korani: * rine makore anodarika churu chimwechete chine mazana mana uye rine dzidziso zhinji dzesainzi dzakange dzisingazivikanwe nevanhu venguva iyoyo, izvo zvakazoongororwa nevesainzi munguva pfupi yadarika. Mifananidzo yacho inosanganisira: mvura ndiyo mavambo ezvinhu zvese zvinorarama (Korani 21:30); kutatamuka kwenyika (Korani 51:47); kuwanikwa kwedenderedzo rezuva rakazvimirira uye nemwedzi (Korani 21:33)

* rine nhorooondo zhinji dzakange dzisingazivikanwe nevanhu venguva iyoyo uye richitaura zvichaitika mberi izvo zvakazoonekwa zviri zvechokwadi.

* harina parakakanganiswa, kana kupokana mukati maro kunyange zvazvo rakatora makore makumi maviri nematatu richizarurwa uye richitaura nezvemisoro yakasiyanasiyana.

Kana Mwari akazarura bhuku rinopa gwara, tinotarisa kuti rive humboo huri pachena nezvekuvapo kwaMwari.

* rakaverengerwa vanhu kubva panguva yarakadzikiswa nemutauro waro chaiwo wechiArabhu, richisiyana nemamwe magwaro ayo asisiri mumutauro wawo chaiwo.

* mune shoko rakareruka, rakajeka uye renyika yose rinokumbirisa zviku munhu kuti azadzise kutenda kwake kwechizvarwa muna Mwari.

* rinobata zviku vanhu.

* rakazarurwa kuna Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) uyo aizivikanwa kuti akange asina kudzidza, asi riine mhando yepamusoro yemutauro rave kuzivikanwa pasi rose nhasi uno semusimbote wemutauro wechiArabhu nekutapira kwavo.

Tsanangudzo inonzwisisa zviku maererano nezve zvitiko zvevaminana muKorani, kuva kworo shoko rakabva kuna Mwari.

Mwari vanotumira gwara

Mushure mekutambira kuti isu takasikwa neMusiki ane Hungwaru, Mwari, tinofanira kutarisira kuti tiudzwe nezve chinangwa chehupenyu. Tingazive sei zvaanoda Mwari kubva kwatiri? Tirikurama hupenyu hwekuedza tichikanganisa here kana kuti tinozvigadzira chinangwa chedu chehupenyu? Tingangoteedzera here zvirikuitwa nevamwe? Kwete, Mwari vakatumira Vaporofita uye nemagwaro kuzotiudza isu nezve chinangwa chedu.

Mwari vakatumira zviuru zveVaporofita, rudzi nerudzi rwakatowanawo mumwechete, vose vakange vaine shoko rimwechete: kushumira Mwari chete uye nekutevera gwara ravo. Vaporofita ava vaisanganisira Adhamu, Noah, Abrahamu, Mosesi, Jesu uye Muhammad (Rugare Ngaruve Kwavari vose).

Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akange ari wekupedzisira pamutorododo weVaporofita, akange ari mucherechedzo wakarurama nezvemunhu aivimbika, aiyananisa, aive nenyasha uye akashinga. Akatumwa negwaro rekupedzisira kubva kuna Mwari, rinova Korani, kuzotsanangudzira vanhu maitirwo edzidziso dzaro.

Korani ibhuku rinodzidzisa gwara uye richitsanangudza pfungwa dzakawandawanda, zvakanana nechinangwa chekuvapo kwedu; Mwari ndiani, mabasa emunhu

Jesu, sevamwe Vaporofita vose, akaita minana uye akaparidzira kuti kushumirwe Mwari mumwechete wechokwadi. Korani 19:36

anodiwa neasingadiwe naMwari; nyaya dzeVaporofita uye nedzidziso dzavo; kubvunzurudzwa kwemunhu kudenga, gehena, uye zuva rekutongwa. Rine chinangwa chekutsanangudza kusanzwisa kuripo maererano nezve chimiro chaMwari, sekutsanangudza kworo chimiro chaJesu nemabasa ake richienzanisa nechimiro chaMwari.